





Home Link - Haitian Creole

**(Lyen ak Lakay) Inite 6: Bagay ki Grandi: Semèn 2**

Chè Fanmi: Nan inite sa a pitit ou pral aprann sou bagay ki grandi. Eseye omwen twa nan aktivite amizan sa yo, oswa fè tout! Sa ki pi empòtan an se jwi tan an avèk pitit ou pandan n ap aprann konnen ki sa k ap fèt nan sal klas la. Tanpri, kolorye kare aktivite sila yo nou chwazi yo epi remèt fòm sa a bay lekòl la lendi pwochen.

AMIZE N!

Non timoun nan: _____

<u>Langaj</u>	<u>Alfabetizasyon</u>
<p>Mo ki Pwodui Son Enteresan: (Anrapò ak liv <i>Zinnia's Flower Garden</i> ak <i>The Ugly Vegetables</i>)</p> <p>Envite pitit ou an pou l jwe yon jwèt mo avèk mo li wè nan lekti l ap fè nan lekòl la. Di mo yo an mòso e fè sa dousman, epi mande l pou repete mo yo, fwa sa a, pandan l ap melanje son yo ansanm. Pa egzanp, s/ee/d - seed, st/em/ - stem, veg/et/ab/le - vegetable, g/ar/den - garden, w/orms - worms, b/ud - bud, spr/out - sprout.</p> <p>Rakonte Istwa/Jwe Wòl Yo: (Anrapò ak <i>Zinnia's Flower Garden</i> ak <i>The Ugly Vegetables</i>)</p> <p>Rakonte pitit ou yon istwa sou yon bagay k ap grandi tankou yon jaden, yon plant, oswa yon timoun. Jwe wòl yo nan istwa ansanm avèk pitit ou an.</p> <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Ki sa ou ta chanje nan istwa a? ● Ki sa ou ta ajoute nan istwa a? 	<p>Chante Ansanm: Sa a se yon chante pitit ou an dwe abitye avè l.</p> <p>The Green Grass Grows All Around</p> <p>There was a tree. A pretty little tree. The prettiest little tree That you ever did see. The tree was in a hole And the hole in the ground. And the green grass grows all around, all around. The green grass grows all around. Now on this tree There was a branch. The prettiest branch That you ever did see. The branch was on the tree and the tree in the hole and the hole in the ground, And the green grass grows all around, all around. The green grass grows all around. Now on this branch, there was a nest... Now in the nest, there was a bird...</p>

Matematik

Moun Jwenn Gewometri Toupatou: Lese pitit ou an bati kèk estrikti avèk bagay nou jwenn nan kay la, tankou kèk bwat, katon lèt vid, woulo papye. Diskite epi dekri estrikti diferan yo li kreye yo lòske l konbine kèk fòm tridimansyonèl ansanm (tridimansyonèl vle di: li gen twa dimansyon) ansanm.

Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:

- Ki fòm ou remake?
- Ki jan w fè konnen _____(bwat sereyal la) se yon _____(rektang)?

Li e Pale Ansanm (20 minit)

Kesyon pou Kòmanse Konvèrsasyon:

- Sou ki sa w panse liv sa a pral pale?
- Ki pati w pi renmen nan istwa a?
- Ki premye bagay ki pase nan istwa a?
- Ki sa w panse ki ka rive aprè?
- Ki pèsonaj ou pi renmen?

Rejis Lekti Yo

Make chak jou ou menm ak ptit ou li yon istwa ansanm. Liv yo kapab ann anglè oswa nan lang natif-natal nou. Vizite bibliyotèk publik lokal ou a epi jwenn kék gwo liv sou bagay k ap grandi.

Lendi ____ Madi ____ Mèkredi ____ Jedi ____ Vandredi ____ Samdi ____ Dimanch ____

Liv n ape li lekòl la:

The Ugly Vegetables ekriven: Grace Lin

Lòt liv ou menm ak ptit ou an kapab jwi ansanm:

The Carrot Seed ekriven: Ruth Krauss

Kèk Konsèy Pou lè n Ap li Ansanm:

- Chita ansanm nan yon plas trankil epitou ki konfòtab.
- Pandan n ap li, souliye epi defini kèk nouvo vokabilè. Pa egzanp, “**Stems** se tij kote fèy yon plant pouse.”
- Pandanke n ap li, poze ptit ou kesyon ki gen pou wè ak liv la. Pa egzanp, “Se ki jan plant yo nan jaden ti fi an te parèt diferan ak sila yo ki te nan jaden vwazen yo?”